ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№221 (23.379) ● 2016 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 16, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий эфирым зыщыхуэвгъэзэнумэ

РЕСПУБЛИКЭМ И УНАФЭЩІЫР ЩЭКІУЭГЪУЭМ И 18-м СЫХЬЭТ 17.00-м «УРЫСЕЙ-1» (КЪБР) КАНАЛЫМ ЗАНЩІЭУ ЭФИРЫМ КІУЭУЭ КЪЫЩЫПСЭЛЪЭНУЩ

Фи упщІэхэр тхауе е видеокамерэкІэ техауе **Press-glava@kbr.ru** электрон адресымкІэ евгъэхь е **8(8662) 40-76-19, 8(8662) 40-43-07** телефонхэмкІэ сыхьэти 9-м къыщыщІэдзауэ сыхьэт 18 пщІондэ фыпсалъэу яжефІэ хъунущ.

● Дыгъуасэ

Къэрал къулыкъущІэр илъэгъуахэмкІэ арэзыщ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ УФ-м и Президентым и ЛыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыІэнальэм щыІэ Белавенцев Олегрэ республикэм и Іуэхущ Іапі Іэ зыбжанэм дыгъуасэ зыщалпъыхьащ.

АХЭР ЩЫІІАЩ Бахъсэн къалэ щауху Мэкъумэш бизнес-инкубаторым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Іуэхущ Іапі Іэхэм - «Агро-Инвест», «Агрохимия», «Велес Агро», «Сады Баксана», «Отбор» ООО-хэм, нэгъуэщІхэми - къыщІагъэкІыр абдеж хьэщІэхэм къыщрагъэлъэгъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор Апажэ Аслъэн КІуэкІуэ Юрийрэ Белавенцев Олегрэ хигъэгъуэзащ еджапІэ нэхъыщхьэр зыхъунэсахэм. Псом хуэмыдэу къыхигъэщащ къуалэбзухэм, псэущхьэхэм къайуалІэ узыфэхэм зэребэнчу хущхъуэхэр зэгъэпэщыным зэрелэжьыр, Японием щагъэхъу бдзэжьей лІэужьыгъуэр илъэс зыбжанэ хъуауэ зэрагъашхэр, Налшык къалэ щыІэ псынэхэр хъумэным ехьэлІауэ къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІыр, кІэрыхубжьэрыхуншэу лажьэ Іэнатіэ республикэм къыщыізэгъэпэщыныкІэ проект зэрагъэхьэзырар. Апхуэдэуи абы жиІащ жэпуэгъуэм и 5 - 8-хэм екІуэкІа «Бжьыхьэ дыщафэ» урысей мэкъумэш гъэпсэгъуэныгъэм университетым и лажьыгъэ зыбжанэ зэрыщыпхагъэкІар икІи дыщэ медалрэ щІыхь тхылърэ къыізэрыщыхуагъэфэщар.

Апажэ Аслъэн къыхигъэщащ еджапІэ нэхъыщхьэмрэ Мэкъумэш бизнес-инкубаторымрэ зэрызэдэлажьэну зэгурыуэныгъэм Іэ зэрыщІадзар. «Ди мурадщ мыбдеж программэ хэхам тету семинархэр щедгъэкІуэкІыну, хьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэхэр мэкъумэш Іуэхум нэхъ куууэ щыхэдгъэгъуэзэну. Студентхэм папщІэ мы Іуэхущ Іапі Іэр сыт и лъэныкъуэкІи къызэгъэпэщащ: пэшыншхэр хэтщ, иджырей технологиехэмкІэ зэщІэуэзда лаборатори иІэщ. Шэч хэмылъу, иужьрейм мыхьэнэшхэ иІэщ, мэкъумэш Іуэхум ехьэлІауэ къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІын и лъэныкъуэкІэ», - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректорым.

Агротехнопаркым егъэджэныгъэ полигон дэтщ, абы псынщІэу къэхъу мыІэрысейхэр, жызумейхэр, мэракІуэ лІэужьыгъуэхэр зэрагъэкІ Іэмалыщ Іэхэм щыхуагъэсэнуц. Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ Мэремкъул Арсен жиІащ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр мы гъэм кърибудыдэу зэрызэфІагъэкІынур. «Компьютеррэ лаборатори, сценарийхэр зытхыу щыта **Погодин Николай** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Къэрал куэдым щылэжьа урысей журналист цІэрыІуэ, тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зрата **Боровик Генрих** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦ Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дыкъынэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъэрэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Оперэ уэрэджьыІакІуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щыІэ зиІэ я артист **Батыр Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьыакіуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Малинин Александр** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мурадщ Президентым и библиотекэм зэрыдэлажьэм зригъэубгъуну

Дыгъуасэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым деж щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ щыІэ советым хэт. Президентым и библиотекэм и генеральнэ директор, ди республикэм Іуэхуки Іэ къэкІуа Вершинин Александр.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ щэнхабзэ-гъэсэныгъэ, егъэджэныгъэ программэхэм хиубыдэу лъэныкъуитІыр зэрызэдэлажьэнум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыІэну зэманым къриубыдэу Вершинин А. П. кІуэнущ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Президентым и библиотекэмрэ ди университетымрэ зэгурыІуэныгъэ щхьэхуэ зэращыІлауэ зэдолажьэ. Апхуэдэу хьэщІэр еплъынущ егъэджэныгъэм и Іуэхущ Іапі Іэ пэрытхэм лъэпкъ мультимедиа центрым и Іэмалхэр къэгъэсэбэпыныкІэ зэфІагъэкІхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Егъэджэныгъэ

ЩІэныгъэм и уардэунэ

Шэрэдж районым хыхьэ Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэм иджыблагъэ жылэпсо гуфІэгъуэ зэІущІэ щыізэхэтащ. Ар теухуат щІыпІэм курыт школыщІэ къызэрыщыізэІуахам. Ныбжьыщ Іэ 320-рэ зыщІэхуэ еджапІэр яухуащ «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ.

ГУФІЭГЪУЭ зэІущІэм къекІуэлІат егъэджакІуэхэр, еджакІуэ цІыкІуэр, адэ-анэхэр, жылагъуэм и нэхъыжьыфІхэр. Махуэшхуэр къуажэдэсхэм даІэтыну абы зыкърезыгъэхьэлІа хьэщІэ лъапІэхэм ящыщт УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и къуэдзэ **Шишкин Андрей**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ и министр **Емуз Нинэ**, Шэрэдж щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэ **Муртазов Борис**, къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алтуев Алим**, егъэджэныгъэмкІэ район Іэнатіэм и унафэщІхэр, щІыналъэм хьыхь жылагъуэхэм щылажьэ курыт школхэм я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

- Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэм дэс псоми махуэшхуэмкІэ си гуапэу сохъуэхъу, - жиІащ еджапІэр къыщыізэІуахым Мусуковым. - Ди республикэм и бгырыс жылэхэм ящыщ зым нобэ къыщыізэІудох щІэблэр егъэджэным, гъэсэныгъэ тэмэм егъэгъуэтыным сыт и лъэныкъуэкІи нэсу къыхуэзгъэпэща курыт школ. Жэмтхьэлэдэс ныбжьыщІэхэм, ди къэралым и къалэшхуэхэм щыпсэу щІалэ цІыкІухэмрэ хъыджэбз цІыкІухэмрэ яхуэдэ дыдэу, иджы Іэмал яІэщ гъунэ зимыІэ щІэныгъэ куум гъунэгъу зыхуащыну.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Тхылъыщ Іэ

ЗэфІэкІ зиІахэр

«Купеческие семьи Нальчика» - аращ зэреджэр иджыблагъэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдагъэкІа тхылъым. Ар теухуащ Налшык и япэ хьэрычэтыщІэхэм, абыхэм я унагъуэхэм. Апхуэдэхэщ Барановхэр, Вязмитинхэр, Зипаловхэр, Къалмыкъэр, Щуйскэхэр.

ТХЫЛЪЫМ дыщегъэгъуазэ а цІыхухэм я псэукІам, Совет властым абыхэм я мылъкур ятрихыу Хэкум щІригъэкІа, Налшык и япэ хьэрычэтыщІэхэр ягъэкІуэдыну щыІэхэта щхьэусыгъуэхэм, нэгъуэщІхэми.

ЩІынальэм и хьэрычэтыщІэхэм властым пцІы къатриІахьа мыхъумэ, ахэр ГъыифтэкъыМ, атІэ цІыху къыізэрыгъэкІт, лэжьакІуэщхэхэт. Махуэ къэс еш ямыІэу я пщІэнтІэпскІэ къаугъуея мылъкум лэжьыгъэм хуаІэ щытыкІэр зыкІи яригъэхъуэжакъым абыхэм. Я бынэри абы щІапІыкІащ. ЗэфІэкІ зиІэ а цІыхухэр псапащІэуи щытащ.

ЩІышхуэ зыІыгъуэу щыта Къалмыкъ Василий щхьэх зымыщІэ мэкъумэшыщІэт, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэт, псапащІэт. Псыхуабэ къалэм щІыхь зиІэ и цІыху Зипалов Василий и мылъкущ къалэм и классищ училищэр зэрауухуар. Апхуэдэу абы и Іыхьлы Зипалов Пётррэ налшыкдэс Щуйский Ильичрэ ахъшэфІ школхэм трагъэкІуадэрт, абыхэм къыщІах щІэныгъэр ефІэкІуэн папщІэ. Псыхуабдэс хьэрычэтыщІэ Баранов Иван къыдэІэпыкъурт Налшык бзылъхугъэхэм папщІэ къыщыізэрагъэпэща Михайловскэ еджапІэм. Иван и къуэш Захар сурэтыщІ Іэзэу, пхъэм зыгуэрхэр кІыхьІуцІыкІыныкІи ІэкъуэлъакІуэу щытащ. МафІэсым сабийрэ бзылъхугъэрэ къыщригъэлым фэбжьышхуэ зыгъуэта Захар дыжьын медаль къыхуагъэфэщат, ауэ, и къуэм зэритхыкІэ, ар и папщІэм телъэкъым, цІыху зэпІэзэрытт, зигъэлъэгъуэн мурадкІэ медалыр зэи зэрихьакъым.

Тхылъым зи гугъу щащІа цІыхухэм я цІэ къраІуэну хуитыныгъэ ямыІэу лІэщыгъуэкІэ къэзгъуэгурыкІуац. Араща абыхэм я гъащІэмрэ я гуащІэмрэ зэфІэбгъэувэжыныр гугъу щІыщытари.

Тхылъыр къыдэгъэкІыныр и жэрдэмщ «Деловая Россия» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм.

БЖЬЫХЬЭПІ Роза.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м

Налшык къалэ *№510-рп*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зэрызэрахьэм и Іуэхкіэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м ипкъ иткІэ:

1. Федеральнэ мылъкум къыхагъэкІыу пщІэншэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум къыхэгъэхьэн мы унафэм и гуэдзэным щІыгъу спискэм къыщыігъэлъэгъуа ягъэІэпэхъуэ, ямыгъэІэпэхъуэ мылъкуу псори зэхэту сом 19932079,39-рэ зи уасэр, апхуэдэу сом 2581000,00-рэ зи уасэ, метр зэбгъуэзэнатІэ 5000,0 хъу щы Іыхьэр (кадастр номерыр 07:09:0102113:90), Налшык къалэ, КІыщокъуэм и уэрам, 43 адресым щыІэр, и лІэужьыгъуэкІэ жылагъуэхэм яІыгъ щІыхьэм хиубыдэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа мылъкур щыІэ хабзэхэм тету къэщтэнымкІэ зыхуэфащэ юридическэ Іуэхуэхэр зэфІигъэкІыну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

НОБЭ

♦Зэхудэчыхыныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦1933 гъэм СССР-мрэ США-мрэ дипломатие зэпыщІэныгъэхэр яку дэпъ хъуац.

♦1938 гъэм самбэ спорт лІэужьыгъуэр къагупсысащ.

♦1942 гъэм «За Советскую Кабардино-Балкарию!» листовкэр къыдагъэкІыу щІадзащ.

♦1945 гъэм ЮНЕСКО-р - Лъэпкъ Зэкъуэтхэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я Іуэхуэмкіэ и зэгухьэныгъэр - къыізэрагъэпэщащ.

♦1943 гъэм Яхэгъауэ Михаил «Совет Союзым и Лыхъужь» цІэр къыфІащащ.

♦Совет тхакІуэ, драматург,

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нэмысыр лъэІукІэ къахьыркъым.

● Налшык къалэ

Гъатхэм пожьэ

«Горзеленхоз» Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэхэм щІадзауэ тюльпан жылэхэр щыхасэ щІэуэ яукъуэдия Олимп щІыхьым и лъэс лъагъуэм, щыхьэрым и къыдыхьэпІэхэм, 115-нэ шуудзэ дивизэм и фэеплъым и гупэкІэ къит утыкум.

ПСОРИ зэхэту тюльпан мин 23-рэ хасэнущ. Нобэм къэс ди къалэм иІакъым тюльпанхэр Іуву щызэхэт щІыпІэхэр - ар плъагъуну дахащэщ. «Тюльпаныр япэу къэгъагъэ уд лІэужьыгъуэхэм зэращыщыр къэплъытэмэ, Налшык гъатхэм къэщІэрэщІэнущ», - жаІэ Іуэхум пэрыт лэжьакІуэхэм.

Тюльпаныр хасэныр мы махуэ зэкІэлъыкІуэхэм къыізэтрагъэувыІащ, дунейр нэхъ щІыІэ зэрыхъуам къыхэкІыу, хуабэр мащІэу къызэриутІыпщыжу, лэжьыгъэхэм пащэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ФщІэн папщІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:
8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

ЩІэныгъэм и уардэунэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Правительствэм и Уардэщ1ым фІыщІэ ин яхунщІащ зи зэфІэкІрэ къарурэ ухуэныгъэм езыхьэІахэм: къэрал къулыкъущІэхэми, щІыпІэ унафэщІхэми, ухуакІуэхэми. Абы егъэджакІуэхэри еджакІуэхэри къыхуриДжащ школыщІэм нобэ иІэ теплъэ екІым, абы щІэт иджырей техникэ лъэщхэм хуэсакъыну.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и къуэдзэ Шишкин Андрей къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ. Абы жиІащ ухуэныгъэр зэман кІэщІым къриубыдэу икІи мардэ псоми хуэкІуэу зэрызэфІахар.

- ИпэжыпІэкІэ жыпІэнумэ, мыр щІэныгъэм и уардэунэщ. Школыщ1эм хэтщ сабийм щІэныгъэ зригъэгъуэтын папщІэ зыхуеину псори, предмет хэхахэм щхьэкІэ пэщ щхьэхуэхэри къыщыззгъэпэщащ, - кІыхьигъэщащ абы. - УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Белавенцев Олеги гурэ псэкІэ къывзхъуэхъужащ. Абы зэрыжиІамкІэ, езыр и гуапэу и щхьэкІэ кІэлъыплъынущ школыщІэм щызэфІах егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм.

Белавенцев Олег къыбгъэдэкІыу Шишкиным курыт школыщІэм тыгъэ хуищІащ телевизор екІу.

-Жэмтхьэлэ Ипщэм къыщызэІуаха школыщІэр ди республикэм и апхуэдэ еджапІэ нэхъыфІ дыдэщ, - жиІащ Емуэ Нинэ. - Пэш къэс щІэтщ предметымкІэ зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэр, лабораторэхэр зэпэщщ, щыІэщ мастерской зэмылІэужьыгъуэхэр, щолажьэ лингафоннэ классыр. Информатикэ пэшыр къызэгъэпэщащ иджырей компьютерхэмкІэ. Ахэр Интернетым пыщІащ. Школым щыІэщ спортымрэ физкультурэмрэ хуэщІа утыку зэмылІэужьыгъуэхэри.

Емузым зэрыжиІамкІэ, классхэм щІэт интерактивнэ доскахэр къагъэсэбэпурэ, абыхэм щекІуэкІыфынущ Налшык дэт «ДыгъафІэ къалэм» кІэратыкІ дерсхэм ящыщхэр.

Школыщ1эмкІэ щІэблэм яхуэупса унафэщІхэм, ухуакІуэхэм фІыщІэ ин хуащІащ адэ-анэхэм. Хьэщ1э лъапІэхэм апхуэдэ псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ курыт школым зи цІэр фІаща, еджапІэм и гъэсэну щытахэм ящыщ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Чубаков Алий и къуэ Чубаков Алим.

ЕджапІэ екІур Іэгуаэу иным щІэту къызэІуахащ Шишкин Андрейрэ Мусуков Алийрэ, езанэ классым щІэс сабийхэр я гъусэу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дыкъынэ Хьэсэнбий и унагъуэр.

● Дэ къытхуатх

ЦІыхуфэр Іувщ

Хэку зауэшхуэм ипэкІэ Кэнжэ къуажэм щыпсэуа Тэтэрхэ Хьэкіашэрэ КІуацэрэ я унагъуэр цІыху зэхъуапсэм хуэдэт. Зэманым декІуу, насыпымрэ берычэтымрэ я куэду зэдэгъуэгурыкІуэрт ахэр. Зэщхьэгъусэхэр колхоз гъащІэм жыдэжру хэтт, я цІэр фІыкІэ зэпымыууэ кърагъаІуэу. Я къуэ нэхъыжь Мухьэрбий Налшык районым и комсомол зэгухьэныгъэм и комитетым инструктору щыпажьэрт, нэхъыщІэ Зураждинрэ хъыджэбзипІымрэ - Алмэжан, Лизэ, Лесэ, Іоцэ сымэ - сабий гъэсапІэм кІуэрт.

ГЪАЩІЭ Іэфыр куэдрэ екІуэкІакъым, нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм зауэр къагъэхьэйри. Хэкум цІыхухъуу исыр, зыІІ и быну, бийм пэщІэуващ. Абыхэм яхэтт Тэтэр зэадзэкъуэри (Хьэкіашэрэ Мухьэрбийрэ). Мухьэрбий унагъуэм кІыхьитх письмохэм ярытт зауэр ди текІуэныгъэкІэ зэриухынур и фІэщ зэрыхъур, гуфІэгъуэкІэ зэхуэзэжыныр зэриплъапІэр. Арщхьэкіэ абы и мурадыр къэхъулІакъым. Зи ныбжьыр илъэс 21-рэ фІэкІа мыхъуа, Дзэ Плъыжьым и лейтенант щІалэр 1943 гъэм и мэлыжьхьыбэм зауэм хэкІуэдащ. Хьэкіашэ гъэру зэрыщытам щхьэкІэ Сыбыйм яхущ, шахтэм щылажьэурэ и узынщІагъэр зэхьыхэри, хамэщІ щыІэу дунейм ехьжащ. Дауи, унагъуэм гуауэ къытепсыхат. КІуацэ, фызабэ хуэ адрей цІыхубзхэм хуэдэу, и бгыр щІикъуэзри, быныр пІыным иужь ихьащ. Колхоз лэжьыгъэм къыщыдзхуэм, бзылъхугъэм и бын нэхъыжьхэр и гъусэу, мэзым къущхьэмыщ мащІэ ящыщащыпкъым. Зыгуэр тІэкІу къуагъуейм, Налшык бззэрым щащэрти, абы къыщІэкІымкІэ яшхын, щатІэгъэн зэрагъэпэщырт. Зауэм и кІэр хьэдагъэщ, жьхуаІэрти, КІуацэ и бынхэми текІуэныгъэр нэпскІэ кърагъэхьащ...

ГъащІэр гъащІэщ, адэкІи псэун хуейт. Хьыджэбз нэхъыжь Алмэжан Щхьэлыкъуэ щыщ, Хэку зауэшхуэм лЫгъэ зэрихьу хэта офицер Бырс Нэхъупщ щхьэгъусэ хуэхъуащ, щІэблэ хъарзынэ къагъэхъуащ. Адрей илъхъуэри унагъуэ ихьэри, адыгэ бзылъхугъэм зэрыхуэфащэну псэуащ.

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр ди щІынальэм ирахужа нэужь, Зураждин колхоз лэжьыгъэм пэрыуващ, и ныбжьыр илъэс 15 фІэкІа мыхъуауэ. 1946 гъэм абы къыхуагъэфащащ «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и зэманым и гуащІэ емыблэжу зэрылэжьам папщІэ» медалыр.

1950 гъэм Зураждин Ереван къалэм дзэм къулыкъущиІэрт. Сэлэтхэм зрагъэгъэпсэхуну яшауэ, Зураждин псым щхьэкІэ хэлъэри, абы мывэ хэлъу къыщІэкІри, зэшзззэпІэу иукІащ. Гу-гъуехьыр зи натІэ анэм зыщыгугъ и къуэ закъуэр Іэщ1экІащ. А зэманым хьэдэр къахуэшэжакъым, арати, КІуацэ Ереван яшэри, и къуэм Іуагъэлпъэжащ.

КІуацэ си анэм и шыпхъу нэхъыжьт. Сыт хуэдиз гугъуехь имылъэгъуами, ар цІыхуфІу икІи гуапэу къызэтенат. «СымылІэ щІыкІэ, зэ слъагъужарэт Зураждин и хъашхьэр», - жиІэу ар щІэхъуэпс зэпытти, 1964 гъэм и жэпуэгъуэм Тбилиси нэс автобускІэ, адэкІэ мафІэгукІэ Ереван дыкІуэри, анэр кхъащхьэм Іэ дилъэу куэдрэ щхьэщыпльащ...

ЛІУП Нурхьэлий.
Джэрмэншык къуажэ

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Залымыгъэ зрахахэм я фэеплъ

Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкІэ музейм щэкІуэгъуэм и 10-м къыщызэІуахащ ГУЛАГ-м и тхыдэмкІэ къэрал музеймрэ Фэеплъ фондымрэ политикэ залымыгъэ зрахахэм ятеухуа «Щыгъуэм и блын» гъэлъэгъуэныгъэр.

- МЫ ІУЭХУМ мыхьэнэшхуэ зэриІэр псоми къыдгуроІуэ, дэ фІыуэ дощІэж ди тхыдэм хэта лъэхъэнэ хьэлъэхэр. Блэкіар нобэрей зэманым зэран хуэмыхъуу, дызэкъуэту дыпсэуну, ди къэралыр еФІэкІуэну си гуапэщ, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин гъэлъэгъуэныгъэр къыщызІуихым.

КъыкІэлъыкІуэу псалъэ иратащ Урысей Федерацэм и Президентым и чэнджэщэгъу, Фэеплъ фондым и попечительскэ советым и тхьамадэ Федотов Михаил.

- Граждан обществэм зегъэужьыным ехьэлІауэ иджыблагъэ Налшык щедгъэкІуэкІа зэІуІщ1эм дэ къыщыхэтлъхьауэ щытат ГУЛАГ-м и тхыдэмкІэ къэрал музейм игъэхьэзыра выставкэр Налшык къэтщэну. КъБР-м и Іэтащ1ухьэм абы щыгъуэ къыдита псалъэр игъэпэжащ. Нобэ тлъагъу выставкэр дбгъуэн щымыІэу къыззэзыгъэпэщахэм фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт. Мы гъэлъэгъуэныгъэм и кІалэнхэм ящыщщ политикэ залымыгъэм пхыкІахэм лейуэ къатехьам ціыхуэр щыгъэгъуэзэныр. Абыхэм я фэеплъ Москва щыдгъэувынущ. Фэеплъыр гъэувыным и унафэр ЦІыхум и хуитныгъэр хъумэнымкІэ советымрэ «Мемориал» зэгухьэныгъэмрэ илъэс куэд лъандэрэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм кьыпэкІащ.

Мы гъэлъэгъуэныгъэм еплъынухэм тхьдэм фІымрэ Іеймрэ зэрыщыззэхуэхэр къагурыІуэну сыхуейт. ЖЫзыІэ щыІэщ политикэм зэрахьа залымыгъэм и жэуап иджырей унафэщІхэм яхьын хуейуэ. Сэ абыкІэ сыарэзыкъым. А гуэвэгъуэр къэзыгъэхъуа цІыхухэр псэужкъым, сыт-тІэ нобэ къытхуэнэжыр? Сэ сызэрепльымкІэ, блэкІар зыщыдгъэгъупщэу, апхуэдэ гуэвэгъуэм къызэрытримыгъэзэным дыхущІэкъун хуейуэ аращ. Сыхуейт выставкэм щІалэгъуалэр еплъыну, тхьдэм и дерсыр зыхащІэну. Политикэ залымыгъэр лъэпкъ псоми ялъэІсауэ жыпІэ хъунущ, абы гущІэгъу хуищІакъым цІыкІуми инми, кІуэлйми фаКъырэми, ар зыщыдгъэгупщэнкІэ Іэмал иІэкъым, - жиІащ Федотовым.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ къыщыпсалъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм я дежкІэ мыхьэнэ зиІэ выставкэр къызэгъэпэщыным зи гуащІэ хэзылъхьа Федотов Михаил фІыщІэ хуищІащ.

- Ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм политикэ залымыгъэм и Іэ щІыІэр кьахэІэбащ, хабзэншагъэ зэрахьар куэдым я щхьэкІэ ягъэунэхуащ. Щэнхабзэм, щІэныгъэм, нэгъэущІ Іэнатіэхэми пэрыта хэкум зезыгъэужьыфыну щыта куэд лъэужьыншэу ягъэкІуэдащ. Нобэкіэ мыхьэнэшхуэ иІэщ а лъэхъэнэм щыІа гузэвэгъуэр ящымыгъупщэу, лажьэншэу абы хэкІуэдахэр ящІэжу, дяпэкІэ апхуэдэ къэмыгъэхъуным щІэблэр щІэпІыкІыным. Блэкіар тщІэным мыхьэнэшхуэ иІэщ, дэ ди кІалэнщ къыдэкІуэтей щІэблэр хабзэм тету, гъащІэм лъапІэныгъэу хэлъыр я гъуаэзу къэдгъэтэджыну. Быдзу си фІэщ мэхъу нобэрей гъэлъэгъуэныгъэр а Іэухум зэрыхуэщхьэпэнур, - жиІащ Егоровэм.

Москва къалэ щагъэувыну фэеплъыр щыным теухуа зэпеуэм лэжьыгъэ 300-м щигъу къагъэхьат, нэщІыса хъуауэ къалъытар Франгулян Георгий и скульптурэрэ. Абы жэзым кьыхэщІыкІа блэр дарегъуэм щІыхуэкІэ ищхьэмкІэ щыхэкІрэ цІыху Іэпкъльэпкъым и пІэ блыным кьыхэнэу ищІащ. Ахэр политикэ залымыгъэм къелахэращ. Гъэлъэгъуэныгъэм кьашат зэпеуэм къагъэхьа, нэхъ хъуауэ къалъыта нэгъуэщІ лэжьыгъэ зыбжанэ. Политикэ залымыгъэм пхыкІа цІыху щхьэхуэхэм я сурэтхэмрэ абыхэм я гъащІэм теухуа тхыгъэхэмрэ Іуэльэгъуэныгъэм зэгъэхьащ. Дыгъэгъаэзм и 11 хъуху гъэлъэгъуэныгъэр Налшык щыІэнущ, итІанэ ди къэралым и нэгъуэщІ кьалэхэм яшэну я мурадщ.

Фэеплъыр гъэ хьакІуэ жэпуэгъуэм и 30-м, Политикэ залымыгъэ зрахахэм я махуэм, кьызэІуахыну я мурадщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Насыпыр къызэралъытэр

УФ-м и щІэныгъэлІ пашэхэм хабжэ, физикэ щІэныгъэхэм я доктор Дыкъынэ Хьэсэнбий къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу. Цыхугъэкіэ гъэнщІа, щыхьышхуэрэ пщІэрэ къыхуэзыхьа гъуэгуанэ дахэ къикІуащ Дыкъынэ Хьэсэнбий.

БАХЪСЭН щыналъэм хьыхэ Зеикъуэ къуажэм Дыкъынэ Хьэсэнбий 1936 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м къыщалъхуащ. Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыда дэтхэнэ зы ныбжьыщІэми хуэдэу, гугъуехь Іэджэ илъэгъуащ Хьэсэнбий: фІанэр Іэщ1эльу хади ипщІащ, Іэщми пэрытащ, ауэ еджэнри Іэщ1ыб ищІакъым: Зеикъуэ курыт еджапІэр къыщиухри, 1957 гъэм щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и физико-математикэ факультетым.

- Седжэхукіэ адрейхэм ялейуэ гугъу сехьауэ сщІэжьыркъым. Ди адэ-анэм дызыхуей дыхуагъэныкъуакъым, еджэнри тыншу къызэхъулІэрт,- жиІэ Хьэсэнбий.

ЕджапІэ нэхъыщхьэр къызэриухамкІэ тхыльэр иІыгъыу 1962-нэ гъэм Хьэсэнбий къуажэм къигъэзэжащ, икІи лэжьэн щыщІидзащ Къызбрун 1-нэ къуажэ школым. А илъэсым университетыр нэхъыфІу къэзыухахэм ящыщти, аспирантурэ къызэІуахым щІэтІысхьэу и щІэныгъэр хигъэхъуэну ираджэу Хьэсэнбий тхылъ къыІэрыхьащ.

- А Іуэхур си адэ-анэми къызэдалъхуахэми къызэдаІыгъащ, сызэрыхуейр ящІэрти, къыспэрыуакъым, - игу кьегъэкІыж абы.

ЦІыхур сыт щыгъуи нэхъыфІым щІэкъун хуейщ, зиужьын папщІэ. Дыкъынэ Хьэсэнбий апхуэдэ хьэл хэлъщ, аращ экзаменхэр фІы дыдэу иту аспирантурэм щыщІэтІысхьэфари. Абы и щІэныгъэ унафэщІыр Новосибирск къалэм щыІэ Академгородоккіэ зэджэм щыкІуэжьым, езыри абы кІэлъыкІуащ.

- ЕхъулІэныгъэхэр къэзгъэлъагъуэу си диссертацэм селэжьырт, езы университетми Іэнатіэ къыщызатауэ конструктору сыщылажьэрт. Ауэ, ар къэзмыухуу си анэр хъэсымаджэри, сыкъэмыкІуэжу хъуакъым, - игу кьегъэкІыж Хьэсэнбий.

ЕгъэджакІуэ Іэщ1агъэр нэхъ гугъуэхм хабжэ, арагъэнщ абы пщІэшхуэ щыхуащІри. Дауи, щІэныгъэлІэр зыгъэхьэзыр профессорхэм, доцентхэм я лэжьыгъэр тыншкъым. Абыхэм ятхэр лекцэхэм, методикэм теухуа Іуэхуэхэм я закъуэкъым. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэмэ зэманышхуэ трагъэкІуадэ, диссертацэхэр ягъэхьэзыр. Дыкъынэ Хьэсэнбий апхуэдэ диссертацэу тІу итхри, екъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ: 1967 гъэм кандидат диссертацэр, 1990 гъэм - доктор диссертацэр. ЛэжьыгъэитІри щІэныгъэлІхэм я пащхьэ щрилъхьар Ленинградщ (иджы Санкт-Петербург).

Дыкъынэр илъэс куэдкІэ университетым щылэжьащ, егъэджэныгъэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр Іэкіуэльтаекіуэу зэдихьу. Абы иригъэджахэм ящыщ куэд КъБКъУ-м щолажьэ икІи нобэми ящыгъупщакъым щахтхъэ, дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуащ Дыкъынэ Хьэсэнбий.

Абы щІэныгъэ лэжьыгъэу 50-м нэс иІэщ, советскэ-американскэ, дунейпсо симпозиумхэм мызэ-мыІтІу хэтащ, хым екъэлІауэ щыІэ Іуэхухэм ятеухуа и къэхутэныгъэхэм абыхэм щытепсэлъыхьащ.

Адыгэм псалъэжьу диІэщ: «И адэ и къуэщ», «И анэ еплъи ипхъу ящаш», - жиІэу. Хьэсэнбийрэ и щхьэгъусэ Фатусэрэ яхуэфэщэну къуитІрэ зыпхъурэ зэдапІащ, Іуэгу дахэ трагъэуващ. Я къуэ нэхъыжь Анзор экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, нэхъыщІэ Залым медицинэ щІэныгъэхэм я доктор цІэ лъапІэр къызэрыфІащрэ куэд щІакъым, япхъу Зареми экономикэмкІэ кандидат диссертацэр пхигъэкІащ. Я къуэрылъхуу цІыкІухэм куэду я гур хагъахъуэ, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэрагъэгъуэт. Дыкъынэ зэщхьэгъусэхэм я бынхэм ягъуэта насыпым езыхэри насыпыфІэ ирихъуащ.

- ЩІэныгъэм хуэлажьэ цІыхуи и унагъуэр дэхуэха щыхъур мащІэкъым, - жеІэ Хьэсэнбий, - Абы къыхэкІыу зэман куэд хухэсхьрт сабийхэм я гъэсэным. Абы и лъэныкъуэкІэ сыт хуэдэ чэнджэщ фэстыфыну жыпІэмэ, псом ящхьэр уи быным щапхъэ хахуэхъунырщ. Зэман нэхъыбэ ядэпхьын, я Іуэху зытетым ущыгъуазэу къэбгъэхъун хуейщ. «Ди гъащІэм и дэтхэнэ махуэри тыншыгъуэщ, дызыхуей псори гугъуехь лъэпкъ пымыІъу догъуэт», - жытІэрэ дигу зэгъауэ ди Іэхэр зэтеддзэжрэ дытІысыжмэ, ди щхьэр кэдгъэпцІэжу, гъащІэр къэдгъэувыІэу аращи, тыншигъуэри кІуэдыжынущ.

Университетым щымылэжьэжми, «и Іэр зэтедзауэ» щыскъым ар. Насып зыхилъагъуэр сабэпынагъ къызыпыкІ Іуэху илэжьынырщ. И щІалэгъуэм къыщыщІэдзауэ фІыуэ илъагъу бжьы гъэхъуныр хьфІидзакъым, иджыпстуи бжьэ матэ зыбжанэ иІэщ, фо щІихумкІэ и Іыхьлыхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ яхуоупсэ.

Дыкъынэ Хьэсэнбий узынщагъэ быдэ иІэну, и гъащІэр щІэблэм я щапхъэу илъэс куэд кьиргъэщІэну дохьэхъуэ. Жьыщхьэ махуэ ухъу!

ЩОДЖЭН Іэминат.

Офицер хахуэр ягу къагъэкІыж

● Пшыхьхэр

КъБКъУ-м Граждан зыхъумэжныгъэмкІэ и къулыкъущІапІэм и унафэщІу илъэс 20-м щигъукІэ лэжьа Дьяченкэ Александр и гъащІэм теухуа фэеплъ пшыхь университетым иджыблагъэ щекІуэкІащ. Абыкіэ хъыбар дигъэщІащ университетым и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Брай Марие.

УРЫСЫБЗЭМКІЭ кафедрэм и лэжьакІуэхэм я жэрдэмкІэ къызэрагъэпэща а зэІущІэм студентхэр щахуэзащ КъБР-м щыІэ МВД-м тхыдэмкІэ и музейм и унафэщІ Черновэ Алёнэрэ а министерствэм и Ветеранхэм я советым и унафэщІым и къуэдзэ Дьяченкэ Маргаритэрэ. Зэанэзэпхъур къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьажащ Дьяченкэ Александр, совет офицер хахуэм, и гъащІэм, и лэжьыгъэм.

Фэеплъ пшыхьыр къызэІуихащ икІи иригъэкІыащ КъБКъУ-м Тхыдэмрэ филологиемкІэ, хъыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ и институтым и унафэщІ Тэмазэ Муслъым.

- Нобэрей ди зэхуэсыр теухуащ зи гъащІэм щыщу илъэс куэд университетым и зэфІэувэныгъэм хуэзыгъэпса, Граждан зыхъумэжныгъэмкІэ абы и къулыкъущІапІэм и унафэщІу щыта Дьяченкэ Александр, - жиІащ Тэмазэм. - Абы и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ ятеухуа фэеплъ зэІущІэм къедгъэблагъащ Александр и щхьэгъусэ Маргаритэрэ абыхэм япхъу Алёнэрэ. Хабзэхъумэ Іэнатіэм зи зэфІэкІри зи щІэныгъэри хуэзыгъэпса унагъуэт Дьяченкэхэ. Унагъуэм я нэхъыжьу щыта совет, урысей офицер хахуэм и гъащІэ гъуэгуанэр щапхъэ яхурихьу ди щІалэгъуалэм.

Адэкіэ псалъэ иратащ Дьяченкэ къыщІэна унагъуэм исхэм. Александр ипхъу Алёнэ студентхэр щыгъуазэ хуищІащ и адэм и гъащІэм и къекІуэкІыкІам. Ар Ставрополь крайм хьыхэ Георгиевская станицэм 1932 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м кьыщалъхуащ. 40 гъэхэм я пэщІэдзэм Налшык къэзыпхъуащ. Абы дэт курыт школ №4-р къиуха нэужь, Александр щеджащ Грознэ къалэм дэт щІыдагъэ институтым.

- Инженер Іэщ1агъэр зригъэгъуэтри 1956 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэс куэдкІэ си адэр щыІащ Тэтэрстаным хиубыдэ Бугульма къалэм. Абы ар лэжьакІуэ щрагъэблагъащ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, Къэрал Шынагъэншагъэмкіэ комитетым Киев къалэм щиІэ еджапІэ нэхъыщхьэми и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ, - жиІащ Алёнэ. - А лъэхъэнэм си адэм пщэрылъ къыхуащІырт къэралым и щэхуу щыт къалэн зэмылІэужьыгъуэхэр. Къапщтэмэ, ар хамэ къэралхэм ягъакІуэрт, щыдагъэм елэжь Іэщ1агъэлІ гупым яхэту. Инджылызыбзэм хуэшэрыуэ Іэщ1агъэлІым, инженеру лажьэу хуэдэурэ, тІасхъэщІэх къалэнхэри игъэзащІэрт. Офицерым а лъэхъэнэм игъэзэщІа къэрал мыхьэнэ зиІэ а къалэным и гугъу абы къыщытхуищІыжар дунейм ехьжыным куэд имыІэжщ...

1982 гъэм Дьяченкэ къулыкъум къыхэкІыжащ икІи ар и унагъуэр и гъусэу Налшык къэІэпхъуэжащ. Александр илъэс 20-м щигъукІэ щыІащ КъБКъУ-м. Иужькіэ парт лэжьыгъэм хэтащ.

Александр и щхьэгъусэ Маргаритэ студентхэм защыхуІаззэм ежриІащ мамырыгъэр пльапІэныгъэ ину зэрыщытыр, ар хъумэныр дэтхэнэми дызэрикъалэныр.

ЗэІущІэр къызззыгъэпэщащ Алёнэ тыгъэ яхуищІащ полицей пыІэ. Университетым и библиотекэм абы яритащ республикэм и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм щылажьэхэм ятеухуа тхыгъэхэр зэрыт тхылъ зыбжанэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Гъурыжь Мадинэ и фэеплъ нэхур

Мадинэ университетыр фІы дыдэу къызэриухамкІэ абы йохъуэхъу газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд. *2003 гъэ*

• Редактор нэхъыщхьэм и псалъэ

Жэуаплынытъэ лъагэ

Нобэ дигу кІыдогъэкІыж лэжьэгъуфІу диІа, цыхьу щыпкъэу, гуапэу дунейм тета Гъурыжь Мадинэ. А хъыджэбз цыкІур илъэс 20-м нэскІэ сцІыхуати, срихьэкІам и пщэрылъхэр тэмэму щимыгъэзэщІарэ губгъэн къыщІихьын гуэр щІэлажьарэ. Жэуаплынигъэ лъагэ зыхэзыщІэу ІэнатІэр езыхьэкІ Мадинэ щхьэхрэ ешрэ жьхуаІэр ищІэртэкъым. Абы хуэдэу лэжьыгъэм хэпэж цІыхуи гъэтыгъуейт.

МАДИНЭ къиухар КъБКъУ-м и урысыбзэ къудамэрами, ди анэдэлхубзэр зыпищІ щымыІэу фІыщэу илъагъурт. Газетым жэуап зыхь и секретарь кьалэным пэрыту, абы тэрэзу зэригъакІуэрт и ІэнатІэм пыщІа лэжьыгъэ псори. Апхуэдэу цІытащ ар жэуап зыхь секретарым и кІуэдзэм и кьалэнхэр, нэгъуэщІхэри щигъэзащІэми. Гъурыжьым цІыхум я фІэщ ищІыфырт лэжьыгъэм Іэпэдэгъэлэну ухуцІыт зэрымысхъунур, абыкІэ езыри щапхъэт. Къэхъурт ар щыгугъыдэмыж, псом хуэмыдэу игъэпІейтейрт аллергием кърит пыхусыхум. Апхуэдэу щытми, абы зыми зытригъэхьэлъэртэкъым, и лэжьыгъэр гупсэхуу имыгъэззэщІауи псэху жьхуаІэр ищІэртэкъым.

Бгъэдэлъ щІэныгъэмрэ зэфІакІымрэ хигъэхъуэну дапщэщи хущІэкъурт Мадинэ. А мурадыр и гъэгугъэлъагъуэу ар илъэс зыбжанэ ипэкІэ щІэтІысхьауэ щытащ ЦІыхубэ хозяйствэмрэ кьэрал къулыкъумрэ я Урысей академиеу Тэн Іус Ростов къалэм дэтым, екъулІэныгъэкІи ар къиухат. УФ-м и Президентым и нэІэм щІэту лажьэ а еджапІэ нэхъыщхьэм щыщІэсами, сэ мызэ-мытІэу сыльхьигъуэзат ди лэжьэгъум, сыщІэупщІат и Іуэху зыІутхэм, еджэным зэрехьулІэм. Абы щыгъуэми сыщІэгушхуэн защІэт Гъурыжьым щхьэкІэ къызжаІар. Ар ящыщт зи кьалэнхэр гурэ псэкІэ хьэлэлу зыгъэзащІэхэм, дзыхь кьыхуащІ дэтхэнэ ІэнатІэри езыгъэфІакІуэхэм.

Хэт ищІэнт зи псэугъуэ, зи дуней тетыгъуэ хъыджэбзыр зэуэзэпсэу ажалым тхичыну?..

Гъурыжь Мадинэ и фэеплъ нэхур куэдрэ ди гум илъынущ.

ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

Гъуауэр къыщыппэплъэр пщІэркъым

Мадинэ, сыту Іейуэ къызэхьэлъэкІрэ блэкІа зэманым иту сигу укъэзгъэкІыжыну. Пщіыхьым хэту слъэгъуами, си фІэщ хъунтэкъым гу зыщыпхуэну узыхунэмыса мы дунейм апхуэдэу пасэу уэ уеэхьжыну.

СОЩІЭЖ ди деж лэжьапІэ укъызэрыкІуар. Дэ хъыджэбз гуп дыхъуу зыкъом щІауэ дыщылажьэрт «Ленин Гъуэгу» газетым. А махуэм къыщыщІэдзауэ дэ дызэгъусац зым Іэпыхур адрейм къищтэжу жьхуаІэм хуэдэу. Уи теплъэ дахэмкІэ, уи хьэл-щэныкІэ, уи ІэдэбгъэмкІэ жьыри щІэри къыдэпхьат. АпхуэдизкІэ уцІыху кьабзэ-псэ къабзэти, зэ укъэзылъэгъуам, зэ кьопсэлъылам и гум удыхэрт. Пщ1эрт уэ дэтхэнэ цІыхуми уэзрыдекІуэкІынур, и гукъеуэр, и гум щыщІэр ууейм хуэдэу зыхэпщІэрт, дэпІыгъэрт.

Уи зэфІэкІым, уи къэхьым гу къылъатэри, уи лэжьыгъэкІи удрагъэкІуеят. Ауэ сыт хуэдэ къулыкъу къуамытами, зэи зыпхъэжакъым, зыми и жагъуэ зэрымыщІыним ухэтащ.

Апхуэдэурэ зэман куэд зэдетхэкІащ, зэзыпхъу пэлъытэу. Ауэ гуауэр къыщыппэплъэр пщІэркъым...

А пщэдджыжьым хэт и гугъэнт апхуэдэ гуэзвэгъуэ ди лэжьапІэм къыщыхъуну. Псори дызэхэбгъэльэдэжат, пхуэтщІэнур дымыщІэу... Абы щыгъуэ ди фІэщ хъуртэкъым кьедджа дохутырхэр уэ сэбэп къыпхуэмыхьужьыфыну. Кьыддэлажьэхэм, цІыхухъуи цІыхубзи, я нэпсхэр кьеКІуауэ, дишащ дэ «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм». Уи вакъитІри абы щыгъуэм ныздэсхат, нэхъыфІ узэрыхъуу, лъодгъэтІэгъэжу укъэтшэжьи хуэдэу. АрщхьэкІэ, Мадинэ, уи напІэр кьэпІэту уэ зэи укъытхэпІъэжакъым. Дыппэплъащ, Тхьэм дыпхуелъэІуащ сымаджэщым уцІыщІэлъэ тхьэмахуитІым. Нэху тхуэгъэщыртэкъым, хъыбарыфІым - зыкъэпщІэжауэ къыджаІэным - дыпэплъэрт. ЗэрылажьапІэу лъэуджыджащ а зэманым. Ауэ, зэхэтхакъым дигу фІы зыщІын ІэпкъкІ.

Уи благъэ-Іыхьлыхэри гугъащ уэ ухъужьну, уи нэхэр кьызэтепхыу уакъыхэпІъэжьну. Гъэзвэгъуэр кьрихьырт уи шыпхъу Лилэ и нэгум, уи гущІэм зыкъомыгъаззэуущІэпльэфырэкъым абы и нитІым.

Псори зэхэбгъэльэдэжат, кьыпхуащІэнум егупсысу, укъызэфІэувэжьын папщІэ зыми лъэкІ кьигъанэтэкъым. Ауэ дохутырхэм я щхьэр ирахьэх фІэкІа, зыри жаІэфырэткъым.

... Зэхэтхыну дыщІэошына хъыбарыр кьыджаІащ щІэупщІакІуэ дыщыкІуэ пщэдджыжьым. ГущІыхьэт а махуэр.

Ухуейт уэ упсэну, Мадинэ, гугъэ куэди пщІат. Ухунэсакъым гу щыпхуэну гъащІэм, Алыхьышхуэм кьыпхуиухар арати. НэхъыфІыр кьыпхуищІауэ Тхьэм кьыщІигъэкІ. Къэбгъэна уи Іыхьлыхэм уи ужьыр махуэ яхуэхъу.

Жэнэтыр уnapІэ Алыхьым пхуищІ, дыпхуэарэзыщ.

Уи ныбжьэгъу, уи лэжьэгъу
ДЫЩЭКІ Соня.

Мадинэ и лэжьэгъухэм я гъусэу.

Жэнэт бзути, лъэтэжащ

ЗанщІэу зысІэнщи, сэ Гъурыжь Мадинэ си ныбжьэгъуакъым, си ныбжьэгъунуи Іэмал щыІакъым: и чэзум унагъуэ сыхъуамэ, апхуэдэпхъу е къуэ сиІэну къыщІэкІынт. Дэ дызэпызыщІэр абы пхужьмыІэн хуэдиз и псэ хьэлэлагъымрэ хэлъа пэжьагъэмрэт. Сэ ар згъэунэхуну куэдрэ Іэмал сиІащ. Апхуэдэуи сигу кьинэжащ.

КЪЫЩЫЩІЭЗДЗЭНЩ и лэжьыгъэр (ар редакцэм и Іэнатіэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ), сыхьэтым хуэдэу, гъэхуауэ зэригъакІуэу зэрыщытам. АпхуэдизкІэ есэжати, кьыхуалъхуа фІэкІа пщІэнтэкъым - редакцэм щІэс псоми Іуэху яхуиІэт. Мыр фэжагъуэ кьыщыпхьынкІэ хъуну Іэнатіэу зэрыщытри гурыІуэгъуэщ. Ауэ, гъэщІэгъуэныракъэ, Мадинэ псори зэхуигъэхъуфырт, зы фэжагъуи кьимыхъу. Араща ар зэрытхэкІыжар зыдэлэжьа псоми дигу щыщІыхьари.

Гупытэ. Си фІэщ хъуркъым Мадинэ ар и хьэл нэхъыщхьэу щымытауэ. Абы и гулъытэ сэ си щхьэкІи мызэмытІэу згъэунэхуащ. Пщэдей хуэдэм кьыдэкІыну газетыр зэхэдмыгъэувэнумэ, пщыхьэщхьэм си унэм телефонкІэ нэпсалъэрти, кьызжиІэрт: «Мухьэмэд, дыкъыдэкІкъым, укъэмыкІуэми хъунущ». Апхуэдэ дыдэ хъыбар яригъащІэрт кьуажэ жьижьэ кьикІ адрей ди лэжьэгъухэми. Ар езым пщэрылъ зыщищІыжа и кьалэну кьилъытэрт, цІыхум пщІэ хуэщІыныр япэ иригъэщІырт. Си ныбжьэгъуа, КъБР-м и цІыхубэ артист Къэжэр Борис (ари псэужьхъум, Тхьэм ахърэт нэху кьрит) зэгуэр кьызжиІэгъащ: «А зэрыбыным зы гъэсэныгъэ яхэпъщи, пхужьІэнкъым» (абы щыгъуэ Борисрэ Мадинэрэ я унагъуэхэр зы унэ щІэсу «Горнэ» хьэблэм щыпсэурт).

Зы зэман сэ къэсцІыхуауэ щытащ Мадинэ и дэлъху Юри. Абы щыгъуэ а щІалэр Бахъсэн и «Эталон» командэм хэту Урысейм футболымкІэ и чемпионатым и ещанэ дивизионым щыджэгурт. ЗэІущІэхэм еплъыну район псор зэхуэсырт. Уеблэмэ, Налшык икІахэри яхэтт. Юрэ Іэзагъашхуэ зыхэлъ гуащхьэхъумэныкъуэт. Гу зылъыстаращи, абы зэи джэгум гурбиянигъэ гуэри хилъхьэртэкъым. Сыт хуэдэу щымытами, сэ сльэгъуакъым судьяжэм абы дагъуэ кьыкъуащІауэ. Иджы согупсыс ари унагъуэм щигъуэта гъэсэныгъэм зэрыщыщыщым.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министру илъэс куэд езыхьэкІаЕфэнды Джылахьстэн ди редакцэм кьыщІыхьауэ абы щыхьэт техьуат:

- Фи Гъурыжь Мадинэ и адэ Хьэзрэталий си деж щылэжьащ. Егъэлеяуэ цІыхуфІт, хабзэшхуэрэ нэмысышхуэрэ хэлът.

А псалъэхэр си гуапэ хъуащ, ауэ згъэщІэгъуакым. Я адэанэм кьыхамылъхьамэ, дэнэт апхуэдэ гъэсэныгъэ быным кьыздрахьнур?

Дэ тщІэрт мы дунейм гурыфІыгъуэ нэхъыщхьэу щиІэ и анэ Нафилэ дунейм зэрекьжар Мадинэ кьызэрытехьэлъэнур. Ауэ пІалъэ кІэщІым езыри абы кІэлъыкІуэну ди пщыхьэпІэ кьыхэхуэртэкъым. И щІалэгъуэт, и дахэгъуэт, и узыншагъэкІи зыдигъуащэ щыІэу тлъагъуртэкъым. АрщхьэкІэ...

... «Жэнэт бзути, лъэтэжащ» жьхуиІэм хуэдэу хъуащ. Сэ зэрысщІэмкІэ, жэнэт бзум зыщІыпІи зыщІэжьэрыкъым, абы зэпымыууэ и унапІэри жэнэтыращ...

... АфІэкІа зэи зэхэсхьжнукъым пщэдджыжькІэ телефоным кьиІукІ и макъ жьгъыруур: «Мухьэмэд, уи пщэдджыжь фІыуэ! Мыбы теухуауэ сатырищэ хуэдиз дыхуейщ номерым идгъэувэну. ТІэкІу щІебгъэгъуни хъунущ».

Мис ар хьэлъэщ.

ШАЛ Мухьэмэд.

Зы анэм дыкъимылъхуами...

«Зэш псори зы анэм кьилъхуркъым», - жиІащ гъащІэ и пІалъэ зыгъэунэхуа пасэрейм. «Зэшыпхъу псори зы анэм кьилъхуркъым», - жаІэу а гулсысэм пызыщэфын куэди зэрыщыІэм сэ шэч кьытесхьэркъым. Абы и щапхъэщ Гъурыжь Мадинэ и лэжьэгъу куэдым шыпхъум хуэдэу кьызэрытхущытар. Анэкьилъху хъарзынэхэр - Лилэрэ Юрэрэ - иІэщ Мадинэ, ауэ Лилэ хуэдэ дыдэу кьысхущымыту зы махуи гурыщхъуэ сигъэщІакъым сэ абы.

МЫ НАПЭКІУЭЦІЫМ ит тхыгъэхэр зи ІэдакъэщІэкіхэм кьалэмыр кьызэращтэрэ мыбы нэхърэ гугъу нэхъ зыдэхэ, нэхъ кьайхьэлъэкІа тхыгъэ ямытха хуэдэу кьысщохъу, сыту жьпІэмэ, сэ ситщ апхуэдэ щытыкІэ. Мадинэ теухуа тхыгъэ щхьэкІэ зызыхуэдгъэзаэхэм яхэтащ захуэмыуБыдыжу макъкІэ гъаи. Абы кьеГъэльагъуэ ар дунейм зэрехар нобэми цІыхухэм я гум кьызэрыщІитхъыр. «Дуней цІыхутэкъым ар» хужаІэркъэ егъэлеяуэ гуапэу, щабэу цІыхухэм яхущыту, и зэран нэгъуэщІым иримыгъэкІыным хущІэкъуэ дунейм тетам. Апхуэдэущ Мадинэ дэри дигу кьызэринар.

Куэд, куэд дыдэ си нэгум кьыщІохьэж ди гъащІэм щыщу. Дыщызэрымыльагъуми, зы махуэ дэкІакъым дэ тІур тІэу-щэ дызэмыпсальэу, зым и унагъуэ Іэзху зыІут адрейм зщдмъащІэу. Иджы зы махуи дэкІыркъым абы и гугъу дымыщІу, ди гум кьоІэ кьызэрытхэмытыжьыр, и цІэр щыжьІтІэкІэ, и ІэхъущІафэхэм дыщытепсэлъыхьижкІэ, ди тэмакъым иджыри гуауэр кьыщІогъуалъхьэри, ди нэпсыр кьыщІеху. Ауэ, зэрызыдгъэдэлъжьраци, дыщогугъ нэхъыфІыр Алыхьым кьыхуищІауэ.

Шыпхъу нэхъыщІэр нэхъыжьым зэрыхущытым хуэдэущ. Мадинэ сэ ильэс щэщІым нэблагъэкІэ кьызэрыздекІуэкІар. Сэри ар си шыпхъуу фІэкІа зэи кьэслъытакъым. Си анэкьилъхуэмри, абыхэм я бынхэми апхуэдэу яхущытащ икІи езыри кьалъытэжащ. Си анэм «Мадинэ си бынпыбжэщ», щыжиІэкІэ, ар зэи фэрыщІагъым кьыхихакъым.

Хэхауэ и гугъу сщІынут Мадинэ и анэм зэрыхущытам. Абы сыт щыгъуи япэ иригъэщІр и анэм и тыншыпІэт. ЖьпІэнурамэ, зэнэзэпсэу псэурт Нафилэрэ Мадинэрэ. Зыр адрейм щыхьэну, зэхуэгуапэу, зэхуэгумащІэу. А тІур зэдзэгушыІэу щыхьэбгъэдзэкІэ, уеплъыну гухэхъуэт. Нурыр кьыщІихырт я нэхэм, зызэщагъэнщІыртэкъым. Апхуэдэ и дамэр гузхуа нэужь псэужьыфакъым Мадинэ - гьатхэпэм и 24-м Нафилэ дунейм ехыжащ, накъыгъэм и 13-м ди Мадини абы кІэлъыкІуэжащ. Мадинэ и нэщхьеягъуэ дауэдапщэхэм щыгъуэ зыгуэркъм жаІэу зэхэсхырт: «Нафилэ ишэжащ Мадини». Пэжжъым ар. Мадинэ узыншэу, насыпыфІэу мы дуней дахэм тетыныр Нафилэ и хуэупсапІэр, абы щхьэкІи имыщІэн щыІэтэкъым, сытми зыхуигъэныкъэнт. Игу узым кьыщыхигъэзыхькІи, Іэмал игуэту, зыкъригъащІэртэкъым. Мадинэ и дежэ къэпсэльарэ имыгъуэтмэ, си деж кьищІырт. И узыншагъэм сыщІэупщІэмэ: «Шэджагъуэм сыкъызэІыхьэри сыхьэлэчащ, иджы нэхъ сщхьэщыкІащ. Мадинэ зыри жумыІэ. Къэкіуэжкіну хуежьэнущ», - жиІэрт, Мадинэ имыгъэгуэзвэн щхьэкІэ.

ГъащІэм и хабзэ зыри зыпхуэхэмылъхьащ цІыхур дунейм къызэрытехьэр, кьыхуиухам хуэдиз зэман дэкІа нэужьи зэрехьжьыр. Ар фІыуэ къыбгурыІуэми, еувэлІэгъуейщ фІыуэ пльагъу цІыхур ажалым зэрыпкІэричым. Гъауэр еупІэхьин щхьэкІэ зэман дэкІын хуейщ, жаІэ. Ар икІи пэжу кьыщІэкІынщ. Мыбдежьым дэ кьытхуэнэр Мадинэ Тхьэ дыхуелъэІуныращи, зы махуи ар зыщыдгъэгъупщэркъым. Езы цІыкІури, гуэныхъ кьызэримыхьыным, псапэ зыпІэ Іуэху нэхъыбэ зэрилэжьыным ящэ иту, Алыхьым фІэлъыкІыу дунейм тетащи, и аХъэрэтыр нэху хъуну догугъэ.

ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ.

Мадинэ и нысэ Мадинэ, и дэлъхум и къуэхэу Астемыррэ Къантемыррэ.

Мадинэрэ Жыласэ Заурбэчрэ. *2005 гъэ*

Зэныбжьэгъуэхэу Ширдий Маринэ, Гъурыжь Мадинэ, Уэрдокъуэ Женя сымэ. *2003 гъэ*

Тэн Іус Ростов щыІэздеджахэр. *2006 гъэ*

Ди гум, ди псэм япэгъунэгъу цІыху дунейм ехыжыху, ди гъащІэр нэхъ нэд, купщІэншэ хъу кьытфІощІ. Абыхэм я псэм дэщІыгъуу лІэныгъэм тІэщІех ди дунейр зыгъэІэфІ Іуэхугъуэхэм - узыншагъэм, насыпым, гукъыдэжым, дэрэжэгъуэм - ящыщ Іыхьэ гуэрхэр. ТфІокІуэд е нэхъ щхуэ, хьэлъэ мэхъу гъащІэр тхуэзыгъэдахэ макъамэр.

Мэхъу кІащхъэ гъащІэм и макъамэр

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭ» газетым и редакцэм дызыгъэдэсыхащ фІыуэ тлъагъу ди лэжьэгъу ІэкІуэлъакІуэу, нэмрэ псэмрэ хуэтхъ ди ныбжьэгъу пэжу, газетым жэуап зыхь и секретару щыта Гъурыжь Мадинэ (пыбГъэувэну псалъэр) и щыщІэжьныгъэр. Редакцэм щиІэ кьалэнхэр кьызыхуэтыншэу, дагъуэ кьыхуамыщІу зэрызэфІихыж кьыдэкІуэу, ар бзылъхугъэ гуапэт, Іущт, зи Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэфІ зыбгъэдэлът. Лэжьыгъэм щызыІэригъэхьа ехъулІэныгъэфІхэм папщІэ ар унагъуэм ущиІэ фІыгъуэщ; ныбжьэгъури аращ, ауэ ар уэ езым кьыхьбохьж, уи дуней тетыкІэм, гупсысэмрэ епльыкІэмрэ ятещІыхьауэ. Зэманым, гъащІэм ипсыхь а гурыщІэм къаруушхэ иІэщ.

Мадинэ кьызэрытхэмытыжрэ илъэс ныкъуэ хъуами, редакцэм и лэжьакІуэхэм куэд яхэбгъуэтэнэхъ мыхъуми абы и деж кьым абы и цІэр щІэжьхьурэ кьызымыІуэ, ІэхъущІафэу иІахэмрэ цІыху хэтыкІэ дахэу бгъэдэлъамрэ зигу къэзымыгъэкІыж. Ноби ди гур екъуэ Мадинэ щыІэжьа, иджыри и цІэр зытет пэшым дыщыщыІыхьэкІэ... Апхуэдэу цІыхум лэжьапІэм ущыхуэныкъуэну куэдым я дежкІэ фІэщхъугъуейщ...

КъызыхэкІа унагъуэм, ныбжьэгъуфІу иІахэм я псэхэм щыщ Іыхьэ цІыкІу адрей дунейм здихьащ Мадинэ цІыкІум. Дыхуэарэзыщ ныбжьэгъу пэжу, лэжьэгъуфІу диІам. АхърэткІэ гуфІаУэ Тхьэм кьыщІигъэкІ.

ФІыуэ плъагъу цІыхур пІэщІэкІамэ,
Гум и гъэгъахэм щыщ къыпоху,
Мэхъу кІащхъэ гъащІэм и макъамэр,
Фэеплъ вагъуэщІэми едзыр нэху.

ЖЬЫЛАСЭ Маритэ.

Сыт щыгъуи утщІыгъущ

Мадинэ и гъащІэ машІэм щыщу илъэс щэщыр щигъэкІуа лэжьапІэм къыщыщІыхьа япэ махуэм щыщІэдзауэ абы дэгъэгурыкІуахэм сащыщщ сэри. А зэманым къриубыдэу ар лэжьэгъу къудейм къыщымынэу, ныбжьэгъуфІ, щыпхъу пэлъытэ схуэхъуат. ГуфІэгъуэми гуэвэгъуэми къыпкъуэтынут, цІыху хьэлэт, адыгагъэ зыхэлът. Нобэ ар къыхэтмыжми, и цІэр, и ІуэхущІафэхэр къытенащ мы дунейм.

МАДИНЭ зыпэрыта Іэнатіэр зэрылэжьыгъэ гугъу дыдэм, кьызэрымыкІуэу жэуаплыныгъэшхуи зэрыпылъым щыгъуаззщ газет Іуэхум пыща дэтхэнэри. АгІэми, абы хуэзфІэкІырт газет лэжьакІуэхэр зригъэдэІуэн, редакцэм и сыт хуэдэ Іэнатіэми и лэжьыгъэр дакъикъэ бжыгъэкІэ кьызэтемыувыІэу кьызэзригъэпэщын. Абы пщэрылъ кьыхуащІ дэтхэнэ кьалэнри ехъулІэныгъэ иІэу игъэзащІэрт. ЩІэныгъэм и гур хуэзІухати, сыт щыгъуи хьэзырт щІэ гуэр кьызэрищІэным, ищІэри мащІэтэкъым - и лэжьыгъэм хуэІаззти, чэнджэщакІуэ кьызыкІуэу апхуэдэт.

Мадинэ щыгъуаззт дэтхэнэми и унагъуэ Іуэхуэр зытетми. ПльІу зэхуэмыдэхэмкІэ зыщыкъуэдгъаззкІи, тщІэрт хэкІыпІэ кьызэригъуэтыфынур, Іэмал иІэхэу «хьэуэ» кьыбжиІэнутэкъым. Зэгъусэу зыщыдгъэпсэхукІэ, ди гукъыдэжыр кьиІэту, дигъэгушхуэу кьытхэтт. Абы и гуШыІэкІэр, и дыхьэшхыкІэр, и цІыху хэтыкІэ дахэр ди гум кьинащ.

ЗэфІэкІ льагъэр щІэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ Мадинэ гурэ псэкІэ хуэлэжьащ ди адыгэ газетым. Абы и фІыгъэ куэд хэлъщ нобэ «Адыгэ псалъэм» и тепльэр нэхъ гурыхь зэрыхъуам.

Гуущ апхуэдэ цІыху гъуэзэджэ пфІэкІуэдыныр. Дыхуэарэзыщ, жэнэтыр уnapІэ Алыхьым хуищІ, зыщымысхьыжу зыхуэлажьа ди гупри абы хуэфащэн Тхьэм дищІ!

Сурэт куэдым дитщ, Мадинэ, дызэгъусэу. Иджы ахэр фэеплъ дыдэ хъуами, иджыри кьысщохъу лэжьапІэм сыщыщІыхьэкІэ укъыспежьэну. Ауэ... ажалыр гущІэгъуншэщ. Абы пасэ дыдэу утІэщІихами, упсэу пэлъытэу сыт щыгъуи утщІыгъущ.

ЩОДЖЭН Иннэ.

Масирэт и саугъэт нэхъыщхьэр

● Щапхъэ

Малкэ къуажэм и курыт еджапIэ №3-м пэщIэдзэ классхэм илъэс кӀэд щIауэ щезыгъаджэ Журт Масирэт и цIэр къыщIрагъэкIэ, цIыхухэм къыхагъэщ а цIыхубз щыпхъэр егъэджакIуэ Iэщlагъэм къызэрыхигъэщIар. Езы Масирэти нэгъуэщI Iэнатlэ пэрыту и нэгу къыщIигъэхьэхэркъым, и псэм фIэфIу мэлажьэри.

- Сэ Сэрмакъ къуажэм сыкъыщалъхуащ. Си адэ-анэр цIыху щабэт, бзэ Iэфlт, бынипII драIэти, я лъагъунытIэр зэхуэдэу къыттегуэшауэ дыкъаГъэтэджащ. Гъэщlэгъуэныракъэ, плIыри егъэджакIуэ дыхъуну дыщIэхъуэпсырт. ЕджапIэм дыкъыкIыжа нэужь, егъэджакIуэхэм зедгъэщхьу дыджэгурт. Дигу зэрилъам хуэдэу, курыт школыр къэдуха нэужь, псори егъэджакIуэ дыхъуащ.

Си дзэлхумрэ щыпхъу нэхъыщIэмрэ Сэрмакъ дэт курыт еджапIэ №3-м математикэмкIэ щIагъаджэ. Зэшыпхъухэм ди курытыр Чыщбалъкъ дэт еджапIэм пэщIдзэ классхэм я егъэджакIуэщ. ПIлыми егъэджакIуэ Iэнатlэр зэретхьэкI илъэс бжыгъэр зэхэплъхьажмэ, илъэсищэм зэрыщIигъуэ рэ куэд щIащ.

Масирэт Налшык дэт педагогикэ училищэр 1979 гъэм кьиухри, Малкэ егъэджакIуэу лэжьэн щIыщIидзащ. А илъэс дыдэми унагъуэ ихьащ.

- Псом нэхърэ нэхъапэр унагъуэращи, си унагъуэм исхэр узынышэмэ, нэжэгужэмэ, абы сэри насыпыфIэ сещI. Ди хъыджэбзитIри си лъагъуэм ирикIуэжащ - ахэри егъэджакIуэщи, абы срогуфIэ. Хъыджэбз нэхъыжьым, Залинэ, ди къуажэ дэт курыт еджапIэ № 2-м биологиемкIэ щреГъадж. НэхъыщIэм, Дианэ, ПМНО-р къиухащ, пэщIэдзэ классхэр иригъэджэну Iэщlагъэ зригъэгъуэтащ.

Дауи, унагъуэ ис, бын зыпI, лэжьапIи Iут цIыхубзыр гугъу йохь. Масирэт абыкIэ гуащэ-тхьэмадэр зыкъыщIагъэкъуащ:

- Си гуащэ-тхьэмадэр цIыхуфI дыдэу, сакъыгурыIуэу, си лэжьыгъэм щигуфIыкIыу, си Iэхэури сщагъэпсынщIэу щытащ, - жеIэ абы. - Илъэс 37-рэ хъуауэ школым сыщолажьэри, шэч кьытезмыхьэу жысIэфынуц: егъэджакIуэу ущытынир Iэщlагъэ къудейкъым - ар цIыхум и щIыпIкIэ-псэукIэщ, и дуней тетыкIэщ. Сабий гъэсэным жэуапIыныгъэу пылъыр зыхэпщIа нэужьыщ а псор къыщыбгурыIуэр. Сэ сощIэ си гъащIэ гъэзур къыщыхэсхьым сызэрыщымыуар. Сыт хуэдэу гухэхъуэ, сабийхэм я нэ къьбзэм ущIэплъэу, я дыхьэшх макъым укъызэщIиIэтэу улэжьэну!

ЗэрытщIэщи, егъэджакIуэм сабийр иригъэджэну хуитщ езыми и щIэныгъэм хигъахъуэху. Масирэт пэщIдзэдзэ классхэм я егъэджакIуэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIщ.

- ЕхъулIэныгъэ уиIэу лъагапIэ гуэрхэм улъэIэсами, абдеж укъыщIыуВыIэж хъунукъым, зыбжыбыну ухущIэкъумэ. Апхуэдэущ сэ сызэреплъыр, - пещэ Масирэт. - Философ Эмерсон Ральф зэрыжаIащи «... тхуэзэрIэкIыж нэхърэ нэхъыбэ длэжьыну дыхэмытмэ, адэкIэ зэи дыкIуэтэнукъым». Араща си урокхэр зыр зым емыщIхьу, щIэщыгъуэу сухуэну сыщIэпабгъэр. Урокым сабийр щыIэшыну Iэмал епт хъунукъым, щIэ гуэр кьыIэзрищIэным хущIэкъуу, и щхьэр игъэлажьэу, даIуэу, гупсысэу егъэсэн хуейщ. Быдэу си фIэщ мэхъу - дэтхэнэ сабийри зэчиифIэщ, Iущщ. Щхьэж езыр зыхуэфI, зыхуэIэзэ Iуэху гуэр щыIэщ. Мис ар сэ наIуэ къэсщIу, абы зригъэжьыныжкIэ ныбжьыщIэм дэIепыкъуэгъу сыхуэхъуэ аращ.

Масирэт къыдэлажьэхэми, адэ-анэхэми пщIэ кьыхуащI, фIыуэ къалъагъу. Уеблэмэ, нэхъ егъэджакIуэфI дыдэу ялъытэхэр чэнджэщакIуэ кьыхуокIуэ.

- Масирэт иригъэджа сабийхэр адрейхэм къащхьщIокI, - жеIэ а школым и унафэщым гъэсэныгъэ лажьыгъэмкIэ и къуэдзэ Пщыунэ Эммэ. – Псалъэм папщIэ, абы и гъэсэнхэр нэхъ Iэдэбщ, хабзэ яхэлъщ, щэныфIэщ, нэхъыфIу йоджэ, «Илъэсым и еджакIуэ нэхъыфI дыдэ» мэхъу, зэпеуэзэмылIэужьыгъуэхэм япэ уВыпIэхэр къыщахь. Апхуэдэуи, Масирэт щхьэхуэу ядолажьэ еджэнымкIэ адрейхэм къакIэрыхуэ цIыкIухэми сабий зэчиифIэхэми. А псоми къищынэмыщIауэ, абы хуэзфIэкIащ сабий зэпеуэхэм адэ-анэхэри кьыхишэну. Масирэт и лэжьымрэ кьызэригъэпэщ Iуэхугъуэхэмрэ кьеббжэкIын щIэбдзэмэ, ухэзэрыхьжьынущ, апхуэдизкIэ куэд ещIэри. Си щхьэкIэ, софъэщIагъуэ а цIыхубзым гуащIэу бгъэдэлъымрэ и зэфIэкIымрэ. Апхуэдэ егъэджакIуэ куэдрэ урихьэлIэркъым.

Масирэт щытхъуу иIэм и щхьэхтщ ар зэрагъэлъэпIа щIыхь тхыпIхэмрэ саугъэтхэмрэ. Езы егъэджакIуэм зэрыжиIэмкIэ, а псори гуапэщ, ауэ япэ иригъэщIыр араКъым. Абы и дежкIэ саугъэт нэхъыщхьэр и еджакIуэ цIыкIуэм къагъэлъагъуэ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Лейлэрэ Маратрэ дывгъэгъэгушхуэ

Нартан къуажэм и «Звездочка» сабий къэфакIуэ гупым хэт Абазэ Маратрэ Жанхъуэтекъуэ къуажэ дэт курыт еджапIэм и еханэ классым щеджэ Джаппуевэ Лейлэрэ «Синяя птица» урысейпсо зэпеуэм хэтщ.

● Урысейпсо зэпеуэ

ФИГУ къэдгъэкIыжынщ: а зэпеуэр ВГТРК-м и нэтын нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщщ, абы я зэфIэкI щагъэльагъуэ ильэси 5 - 15 ныбжьым итхэм.

Зэпеуэм хагъэхьэнухэр ди къэралым и къалэ 30-м мазищкIэ кьыщыхахащ. Абы хэтыну зыкъэзэгъэльэгъуэ цIыку минитхум щыщу къэпщытакIуэ гупым ныбжьыщIэ 40-щ кьыхахар, тIур Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу.

Щэкlуэгъуэм и 13-м «Синяя птица» зэпеуэр «Россия 1» телеканалым кьызэIуихащ. Япэ дыдэу утыку кьрашахэм яхэтащ ди лъэхэгъу пщащэри. Жанхъуэтекъуэ щыщ ныбжьыщIэм мы гъэм екъулIэныгъэфIэкIэ иIащ, ар литературэ тхыгъэ къеджэным хухаха «Живая классика» дерИгъэ зыкъыщигъэльэгъуар.

Щэкlуэгъуэм и 20-м утыкум кьихьэнущ ильэс 11-м ит Абазэ Марат. Абы игъэзэщIэнущ гугъу дыдэу кьалъытэ «Къамэрыфэр».

НыбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр кьапщытэ «Вивальди-оркестрым» и унафэщI **Безродная Светланэ**, Урыс балетымкIэ Вагановым и цIэр зезыхьэ академием и ректор **Цискаридзе Николай**, урыс романсхэр зыгъэзащIэ **Погудин Олег**, пианист Iэзэ **Мацуев Денис** сымэ.

КъэпщытакIуэхэм хуэдэу, телевизореплъхэми текIуэныгъэр зыхуэфащэр кьагъэлъэгъуэну хуитщ. Зэпеуэм и порталым - ptica.tv - м интернеткIэ IэIэт щагъэкIуэкIынущи, Лейлэрэ Маратрэ дывгъэгъэгушхуэ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

● ЦIыхугъэ

Я нэIэ трагъэтщ

Урысей МВД-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и органхэм я лэжьакIуэхэу, къэрал кIуэцIыдзэхэм къулыкъур щезыхьэкIэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу, Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ куейм щIэ къудамэм и лэжьакIуэхэр щыIащ хэкIуэдахэм я унагъуэхэм.

А IУЭХУМ хэтащ Iуащхьэмахуэ куейм щыIэ ОВД-м и хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и унафэщI **Хапаев Назимрэ** къудамэм и Жылагъуэ советым хэт **АфIэунэ Дусэрэ**.

Хьэщlэхэм зрагъэлъэгъуащ унагъуэхэм я щыIэкIэпсэукIэр, тепсэлъыхьащ абыхэм зэрадзIэпыкIыну щыIкIэм. Апхуэдэуи зэгурыIуащ я лэжьэгъу хэкIуэдахэм я сабийхэм папщIэ нэгуэшыжь Iуэхухэр (канатнэ гъуэгум дэкIыныр, лыжэхэмкIэ къэжьхьыныр, нэгъуэщIхэри) кьызэрагъэпэщыну.

- Дэ зэи тщыгъупщэркъым зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэр. Абыхэм я унагъуэхэм ди нэIэ ятетынкр ди лэжьыгъэм кьыгуэхьIпIэ зимыIэ и Iыхьэм и закъуэкъым, атIэ ар ди къалэнщ, - кьыхичгъэщащ Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ куейм щиIэ къудамэм и унафэщI **Боттаев Мусилим** я ныбжьэгъу хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм щепсэлъам.

ТАРИМ Алисэ.

● Мини-футбол

Ислъэмейдэсхэр къыхожаныкI

Полицэм и полковник Сыжажэ МуIэед и фэеплъу Бахъсэн щIыналъэм минифутболымкIэ зэхьэзэхуэу щекIуэкIащ. Абы хэтащ Георгиевск, Налшык, Бахъсэн къалэхэм, Бахъсэн, Аруан щIыналъэхэм, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я командэ къыхэхахэр. АбыкIэ хъыбар дигъэщIащ Бахъсэн район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI Чылар Ариноз.

БАХЪСЭН щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Iэхъуэбэч Анзорэрэ УФ-м и Следственнэ комитетым КъБР-м щиIэ Управлензм и унафэщI, генерал-лейтенант Iустэ Валерийрэ Сыжажэм теухуа псалъэ жаIаш, абы и фэеплъу зэхьэзэхуэну командзэхэм джэгукIэ дахэ кьагъэльэгъуэну ехъуэхъуащ.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр щиубыдащ Ислъэмей къуажэм и ветеранхэм я гуп къыхэхам. ЕтIуанэ хъуащ «Эталон» командэр. Ещанэ увыпIэр зэдагъэшащ Налшыкрэ Нарт-къалэрэ я футболистхэм.

«ИкъуакIэ си гуапэщ си щIалэр зэрыфщымыгъупщэр. Фэ фыщыслъагъукIэ, ари кьыкфхэту кьысщохъу. ФIыщIэ яхузощI хабзэ дахэ яхуэхъуауэ мы зэхьэзэхуэр кьызэзыгъэпэщхэм», - жиIащ МуIэед и адэ Сыжажэ Iэуес.

Текlуахэмрэ кьыхэжаныкIахэмрэ Бахъсэн районым и спорт комитетым кьыбгъэдэкIыу кубокхэр, грамотхэр, медалхэр ираташ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Iэпщэрыбанэ зэзауэ

ТекIуэныгъэм зэрыщIэбэнам папщIэ

«Спортыр терроризмэм пэщIэтщ» къыхуеджэныгъэм щIэту Iэпщэрыбанэ зэзауэмкIэ иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ республикэпсо зэпеуэ.

«ЕДИНСТВО» бэнакIуэ клубым щекIуэкIа зэпеуэм хэтащ ильэси 8 - 17 зи ныбжь спортсмени 110-рэ.

Зэпеуэм щытекIуахэм ираташ щIыхь тхыпIхэмрэ медалхэмрэ. Апхуэдэуи, «Iэзагъ къызэригъэлъэгъуам папщIэ», «ТекIуэныгъэм зэрыщIэбэнам папщIэ» саугъэт щхьэхуэхэри ягуэшащ.

«Единство» клубым зэхьэзэхуэр къызэригъэпэщыфым папщIэ КъБР-м спортымкIэ и министерствэр къыдэIэпыкъуащ.

Мазэ дэкIмэ, спортсменхэр щызэхьэзэхуэнущ Налшыкрэ Дагъыстэнымрэ щекIуэкIыну зэпеуэхэм.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

● Бэнэкlэ хуит

Тембот Ахьмэдхъан и зэфIэкI

Урысейм бэнэкIэ хуитымкIэ пашэныгъэ къыщыхьыным теухуауэ Бердск къалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа спортсменхэм медалипI къыщахьащ.

КИЛОГРАММ 76-м нэс зи хьэлъагъхэм я кIэух зэпеуэм ди спортсмен Тембот Ахьмэдхъан хьэрхуэрэгъу къыщыкуэхуэм мэзкуудэс Тинамагомедов Рэмзэан хигъащIэри, дыщэ медалыр къихьащ. Дыжьыныр зыIэрагъэхьащ Мэкъуауэ Альбертрэ (килограмм 58-рэ) Шэру Иналбэчрэ (килограмм 63-рэ). Килограмм 63-рэ зи хьэлъагъхэм я деж жэзыр къыщихьащ Хьэтанэ Идар.

Жыджэру зыкъэзыгъэльэгъуа ди спортсменипIри Урысейм бэнэкIэ хуитымкIэ и гуп къыхэхам хагъэхьащ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

● Налшык къалэ

Пенсэм щIыгъуу ират

Урысейм и Пощтымрэ Къэрал автоинспекцэмрэ зэгъусэу къыхалъхьа акцэм и фIыгъэкIэ, пенсионерипщI бжыгъэхэр гуэргум нэхъ тыншу къыщацIыху хъуащ.

Автоинспекторхэмрэ «Урысейм и Пощт» ФГУП-м и къудамэмрэ пенсэ зыхуахь жьыкIэфэкIэхэм я деж нурГъаззэ дамыгъэхэр хэIупIыу щыщIыным теухуа проектыр Налшык къалэм щагъэзащIэ.

Транспортыр щыкуэд мы зэманым зи ныбжь хэкIуэтахэр гугъу йохь, тыншу икIи псынщIэу зекIуэфырхьым. Ар къальытауэ, къалдэс пенсионерым и щыгъыным нурГъаззэ хьэпшыпI кIэрелъхьэ. Абы шофёрхэм гъуэгур зэпызыуплщI цIыхум и чэзум гу лъаригъэтэнущ.

Уэздыгъэ Iэрыщщым и нурГъаззэ хьэпшыпхэр пенсэхэр щыхуахь махуэхэм хуагуэш. КъищынэмыщIауэ, ар щраткIэ, нэхъ фейдэ пылъу кьызэрагъэсэбэп, зэрызэрахьэ щыкIэми хагъэгъуаззэ. ЩалъыгъуаззкIэ, гъуэгуэхэм зэрызэпрыкIын хуей хабзэхэр, бжьыхьэ, щIымахуэ лъэхъэнэхэм я пшапэ зэхэуэгъуэм гъуэгуэхэм зэрыщIысакъыпхъэр автоинспекторхэм нэхъыжьыфIхэм ягу къагъэкIыж.

Акцэм пенсионерипщI зыбжанэ хашащ, нурГъаззэ Iэмэпсымэхэр хуагуэшащ, икIи полицейхэм я чэнджэщ щхьэпэхэр ираташ.

Псалъэм пщIэ хуащIу къагъэтэдж

Шэджэм Етlуанэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм «Шэджэм бжьыхьэ» зэпеуэ гъэщIэгъуэн къыщызэрагъэпэщащ. Абдеж щыкIуэ Пушкин Александр и «Евгений Онегин» романым.

● Шэджэм щIыналъэ

ЩЭНХАБЗЭР, тхылъ еджэныр, сурэт щыIыкIэ фIыуэ зыльагъу ныбжьыщIэ 70-м нэблагъэ хэтащ зэпеуэм. Дэтхэнэми Iэмалыфl иIащ гъэхуауэ тхыгъэм кьеджэну, сурэт щыныкIэ и зэфIэкI игъэльагъуэну.

Пэшым щызэхуэсахэмрэ къэпщытакIэ гупымрэ едгъэIуащ роман цIэрыIуэм щыщ Iыхьэхэм ныбжьыщIэхэр гъэхуауэ кьиззреджэм, епльащ романым я нэгу кьыщIигъэувэ теплъэгъуэхэмрэ ягу дыхьэ лIыхъжьхэмрэ кьытещыжу ящIа сурэтхэми, ахэр 40-м щIигъурт.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэм дыщэпс тегъэлъэдауэ жьыкIэ зекIуэ кхъухь цIыкIухэмрэ Пушкин Александр и Iэдакъэщ1экIхэр щызэхуэхьэса тхылъхэмрэ ираташ.

КIАРЭ Элинэ,
Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

●Щикъуэхьащ адыгэр дунеижьым

Иорданием шынагъуэншагъэмкIэ и министр Къандур Изэт хуэзащ Ираным и шахиншах Мухьэмэд Реза Пехлеви. *1959 гъэ.*

● Къалъыхъуэ

Хъыбар гуэр фщIэмэ

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм къелъыкIуэ **Абдурахмановэ Рукижат Алил и пхъур**, 1973 гъэм накъыгъэм и 16-м къальхуар, КъБР, Налшык къалэ, Идарым и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет унэ №160-м и 67-нэ фэтэрым щытхар. 2016 гъэм гъатхэпэ мазэ лъандэрэ и Iыхьлыхэм ящIэркъым ар здэщыIэр.

И теплъэр: см 155-160-рэ и лъагагъ, и Iэпкlъэпкъ-кIэ къуэгъуц, и щхьэцыр фIыцIэщ, тхъуГъэ хидзауэ, и нэхэр къарэщ.

Щыгъар: бэлъто сыруых, фIыцIэ хэту, замшым кьызэщIыкIа щIымахуэ вакъэ фIыцIэ.

ПщIэ зыхуэтщIхэ!

Абдурахмановэ Рукижат Алил и пхъум и хэщIапIэм щыгъуазэ щыIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: (8662) 49-46-02 (плъыр часть), 02 е полицэм и къудамэ фпэгъынэгъум зыхуэзгъазэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаго Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариноэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэцэмыщI Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *редактору* **ХьэрэдуерэАллэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр яущIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1729